

BASISIR LANGIT

SURACHMAN R.M.



PERPUSTAKAAN NASIONAL RI



Balai Pustaka

BASISIR LANGIT

Surachman RM.



PERPUSTAKAAN NASIONAL RI



Balai Pustaka

BASISIR LANGIT

Dilbitkan oleh
Penerbitan dan Percetakan
PT Balai Pustaka (Persero)
Jalan Bunga No. 8-8A
Matraman, Jakarta Timur 13140
Tel/Faks. (62-21) 858 33 69
Website. <http://www.balajipustaka.co.id>

BP No. 2498
Cetakan I: 1976

Penulis: Surachman R.M.
iv + 40 Nm, A5 (14,8 × 21 cm)

Penata Letak: Dinda
Perancang Sampul: B.L.B. Prasodjo
Penyunting: Kuni Suharti

Undang-Undang Republik Indonesia Nomor 19 Tahun 2002 tentang Hak Cipta
Lingkup Hak Cipta

Pasal 2

1. Hak cipta merupakan hak eksklusif bagi pencipta atau Pemegang Hak Cipta untuk mengumumkan atau memperbanyak ciptaannya, yang timbul secara otomatis setelah suatu ciptaan dilahirkan tanpa mengurangi pembatasan menurut peraturan perundang-undangan yang berlaku.

Ketentuan Pidana

Pasal 72:

1. Barangsiapa dengan sengaja atau tanpa hak melakukan perbuatan sebagaimana dimaksud dengan Pasal 2 ayat (1) atau Pasal 49 ayat (1) dan ayat (2) dipidana dengan pidana penjara masing-masing paling singkat 1 (satu) bulan dan/atau denda paling sedikit Rp1.000.000,00 (satu juta rupiah) atau pidana penjara paling lama 7 (tujuh) tahun dan/atau denda paling banyak Rp5.000.000.000,00 (lima milyar rupiah).
2. Barangsiapa dengan sengaja menyiarkan, memamerkan, mengedarkan, atau menjual kepada umum suatu ciptaan atau barang hasil pelanggaran Hak Cipta atau Hak Terkait sebagaimana dimaksud pada ayat (1) dipidana dengan pidana penjara paling lama 5 tahun dan/atau denda paling bayak Rp500.000.000,00 (lima ratus juta rupiah).

Daftar Isi

Panyajak Ka Panyajak	1
Nyusud Tapak.....	2
Prisma.....	3
Pengabetah	4
Dua Jiwa	5
Surat.....	6
Langit.....	7
Amitan Dina Paesan	9
Sawarga Nu Ngemploh.....	11
Lembur Kuring	12
Sora Ti Pasir Pahlawan	13
Dipetek Di Dasar Sagara	14
Di Hiji Leuweung Geledegan	15
Peureup.....	16
Bandera Hideung	17
Satengah Tihang	17
Longser.....	19
Suling.....	21
Naha Urang Kudu Guligah	23
Kolecer	25
Dina Maleman Lebaran	28
Sakitan.....	29
Anu Tugur Di Kuburan	31
Jero Guha	32
Katiga.....	33
Prabu Mandura Tapa *).....	34
Indra jaya.....	35
Tina Albeum Heubeul.....	37
Peuting Di Rumah Sakit	38
Alakpaul.....	40



Panyajak Ka Panyajak

URANG saendeng-endeng kangen
Silih sambungkeun jajantung
Silih rampa angen
Paadu lawung

Kedaling rasa urang keur maranehna
Ngan muih dina ulekan
Antara nu ngarumpaka
Atawa rundayan nu sabangsa
Sabda undur ti padepokan

Untung: urang najis neuteuli
Najan baltak nu ngadilak
Tur ku urang kasurti
Nyangka yen urang mahluk minculak

Jeun! Rampes nu gilig nangtukeun ketak
Sanggap yeuh sungkeman kangen
Ti nu ihlas silih rampa angen

Nyusud Tapak

BIBIT buit kamanusan nya eta asih
nu diceungceum ku Adam di taman firdausi

Bibit buit kamanusan
Cangcaya ati
diharewoskeun ka Hawa ku Iblis dengki

Manusa
moal weleh diancam ku siksa
sarengkak ngan nganyam dosa

Manusa
dibibita dalah ku nugraha
teu nyereta hamperuna

Prisma

SASUNGAPAN asalna cahya sumirat
tuluy disuay-suay jadi pating arudat

simpay warna nu wening 'na lensa-lahir
Ukur kaagungan palsu merenah kapeupeuh sindir



Pengabetah

LANTARAN ditenung jadi sireum lembut
tumaninah kuring nyidik-nyidik naksir
kaagungan rupa-rupa jukut
Ti pucukna atra pakarangan
nu ngawates kana basisir kamalir
mayakpak tan kaukur ku sawangan

Musim keur tengah-tengahna ngijih
bruh breh ngampang talaga cileungcang
ngalun diotelan angin ririh
Soloyong awak kawas rokrak ngambang
ana hanjat nyampak nu dirubung-rubung
horeng guruntul bakatu 'na tunggul suung

Sidik upama jiwa teu owah marudah
di pongpok mana bae nyampak pangabetah.

Dua Jiwa

*Salam ka Odji Setiadji AR
oge ka Sunarja P.K.*

UPAMA jiwa disiram heman kanyaah
ngarandakah tangkal rahmat 'na dada sabar
jeung ranggeuyan bubuahan soleh
Hirup hurip lantaran
ngakar dina kepercayaan
Pinuh ku rasa rumasa
awaking tuna kawasa

Upama jiwa dipuuk ceuceub geugeuleuh
ngarandakah katugenah 'na dada gahgar
jeung ranggeuyan bubuahan pitnah
Ku seuseut hirup nu teu neut
Cueut pangharepan heureut
Luh lah leweh ngarasula
ku cocoba nu tumiba

Surat

TEPI ka mana anjeun
rek terus waswas teh, Eulis ?
Turta kajinekan
digambarkeun kalis ngan ku sabar is

Sakabeh surat-surat urang jadina,
ngarumpak surat iseli
Heug ti bareto mula
kuring nolak badami disaksen jangji

Atawa dirarangkan sumpah
nu dina salah sahiji wanci
bisa bae ngajiret diri
Dimana balangah

Kasangsri keur susuburna ngaragi
pasalia paham mah biasa pisan
Lawas teuing akang nganti
bebeneran, tina hiji implengan

Lawas teuing urang ngintip
pitempateun, pikeun tereh koloteun

(keur Tuti Surachman)

Langit

LANTARAN langit, Bageur, barakbak
jeung peuting beuki jauh ambahan
yap teuteup nu pating burilak
atawa nu cul cel les lesan
Aya nu nyorangan nenggang
nu ngagonyok raranggeuyan
Hiji tangkal tan kacipta
kuma bungkeuleukanana
nyodorkeun bubuahan rusiah

Jiga lain petikeun urang
lain pesekeun umur
nu tcu sakiccup-kiccup acan
Alam nu tanpa wangenan
Jeung nu sacangkewok talapok
Nu meh langgeng jeung nu ngan salenggak
Di tengah-tengahna urang rungah-ringeuh
bari dialungboyongkeun
Ana rek cling bray-brayan
kaburu manten dibuang
Dipaseuk ku dua tihang

Kunaon ngarahuh, Bageur
Urang sakadar babaledogan
sabagian keuna sawareh nyalahan
Saese urusan beunang



breg ambreg sabubuhan
Ngung ngong
nagih giliran bari teu sabar
Memang piraku kabeh karanggeum
ku urang nu tuna daya
piraku
Sapira ku dampal leungeun

Urang nu silih sambung lumpat
saangkatan saangkatan, sarintakan
sarintakan
Mawa hiji rokrak, patema rema
tepi ka wates sewang-sewangan
Sakumaha
nu tiheula mikeun hanca
nya kitu urang ninggalan
jang nu di tukang

Lantaran langit, Bageur, geu hibar
jeung beurang nyebakeun pajar
Yap seuseup alam nu hegar
Bageakeun
ku beukahna burih beresih
ku marahmayna roman wijaksana
Ingkeun
ibun subuh sугan sakedlak
urang tedah
ku umur nu ngan salenggak.

Amigan Dina Paesan

REK mulang kuring, Ema, ka kulah
urut Si Layung biasa mijah
Ka lengkob enggon Si Denok
hiji sore, teungteuingeun, aya nu ngagorok
Ka mana atuh ka mana mun lain
eunteup ka dinya. Ka lamping bahan
impian, ka tempat ngclak titiran
Pangreureuhan balik ngarit bari ulin

Raranteng icu urat nyimpay leungeun
nemu usum pacul mintul diayunkeun
Urut Aki lodong bulukan ngelentrung
ninggang mangsa lamun digantung na kawung
Lisung Nini bobo pamidangan supa
kuat keneh keur ngagondang pakaulan
Heurap Abah nu panjang sawidak deupa
nagih wadal kancra giras ti wahangan

Rek mulang kuring, Ema, ka reuma
pan cenah kungsi ngajirim huma
Ka puncak balangsak lidig
wantu urang, kaniaya, badis buron dibeledig
Saestu lain ngalindur kuring rek undur
na poe pileuleuyan keur gowok kota guligah
leungiteun karajaan nu lawas tumpur
di jojontor kasedih basisir sagara getih

Lamunan urang heunang ngunun nahun-nahun
baris diadekeun dina pasir buligir tur nenggang
pikeun ngintip nu ngan sarengah nembongan
nya eta bulan tumanggal di alak-anggang
teuing ku samar kahontal. Tuluy kapeurih
urang ombakkeun dina lautan eurih
Tanaga geusan males pati heug bebaskeun
kana bubulak aseukeun gaganti beuteung tubleseun

Rek mulang kuring, Etna, ka 'buruan
paranti si Tete mulan keurna parawan
Ka jajahan sirna tempat Abah
hiji janari, deudeuh aci, dina manjah
ngajapapang tan engapan
Moal ka mana tujuan bungbas ngumbara
bada meunggaskeun sasemplak ieu samaja
jang papayung nu dilindih salira

Sawarga Nu Ngemploh

SULING karinding paselang deui
nyora ti lamping ka lamping
jeung peutingna ku kacapi

Jangkrik piraku dengdeng ngabetem
dinu pangjerona nyamuni
pan peutingna tingtrim ayem

Sawarga nu ngemploh hejo
ngajanggelek lugay tilem s
rangenge lindeuk misono

Nu hapeuk mabek ngan kesang
ngalindah sakur nu hangru
Sumur kasedih ditawu

Lantaran kanyaah kanceuh
taneuh nyengledkeun geugeuleuh
Jang kembang jagong maridang

Dina leuwi tan dasarna
dengdem diterebkeun sapisan
Taya nu ngupahan, ngan:

kacapi ngajentreng peuting
lanjangna pating hariring
pan peuting pikageraheun

Lembur Kuring

AJEG dina hunyur ruruntut
Lembur kuring langgeng watangna walungan
Nyareceb pepetelan geus karahaan
Dilapurkeun bada diranjah diruksak

Cikeneh tenda kemah dilingkung haur
Sayang Patroli ngabagi ambaheun
Beh tonggohna nyundul munara luhur
geusan ngintip satru karaman

Ngalangkang dina halimun umur
Sumber kawaas kasuka keur budak
Tembong 'na kaca sawawa nu samar
Mehmehan teu tahan carindakdak

Dibukbak haur ditilepan tenda
Sumangga teuteup hateup wareuteuh
Bebene heubeul sarakan deudeuh
Kiwari geus teu butuheun munara

Nu dijiad ditiup dina ruruntut
Tetela engapan lalannan
Jajantungna nu pinuh ku lebu
Rek nebus wiwirang bongan kasoran

Sora Ti Pasisir Pahlawan

ANTARA basisir Mauk jeung Lembang
nganteng tatali nalangsa
(kabehan nyaho —)

Sela karang jeung aakaran katapang
aya rusiah nu muntang
(kabehan nyaho —)

'Na tatahan batu di puseur mumunggang
aya ngaran tanpa rupa
(kabehan nyaho —)

Antara Mauk jeung mumunggang Lembang
hiji andelan teu mulang
(pacuan poho !)



Dipelek Di Dasar Sagara

TENGTREM euh aya ku tengtrem
pangeran tibra ngageubra
di wewengkon tanpa sora
Taya peuting taya beurang
teu kunang-kunang teu heulang

Tengtrem euh aya ku tengtrem
Umang jero cangkang kerang
Hayam kumupu 'na jangjang
Di nagri nu linduk liuh
di karaton nu kalebuh

Tengtrem euh aya ku tengtrem
lain diaping solasih
lain dijaga samoja
Lalaki tas nguyup getih
ngageugeuh dasar sagara

Keun Sina ayem tengtrem
anteng oleng pangantenan
Kapal jeung panutanana
nu geus lawas papacangan
kasambut keur mapag yuda

Di Hiji Leuweung Geledegan

AYA tulang nyangsang 'na dahan, deudeuh
Sesa raga arucutan
Langlayangan teu kapuluk teu karucu
Di hiji leuweung geledegan

Tangkorekna diranggeum areuy
Topi waja bangkarak tadah cihujan
Bedil, sekin, ngarampuyuk lumpuh
Di hiji leuweung geledegan

Moal aya nu nyalawatan
Emh nunggeulis ngan Nagara nu miboga
Tan panutan tan kadang kulawarga
Di hiji leuweung geledegan

Basa banderana dikelat, dedeuh
Dina poe kaunggulan
Teu katakon kabajaan. Tan alamat
Di hiji Leuweung geledegan

Ka mana pasukan tambur
Ilaharna jajap ka basisir kubur
Teu murni rampak-tembak kehormatan
Di hiji Leuweung geledegan

Jeung lahanna di taman Pahlawan, deudeuh
Kalah dikali diandih
Beh ngaranna dina daptar kapanggih
Diembohan catetan: **ilang raratan**

Peureup

Aya mangsana urang ngadu hareup
singkil atawa ngalaan baju
ngasongkeun dada pintail ku bulu
laju ngamangkeun peureup

Aya mangsana urang tatan-tatan
ngeundeurkeun bumi ngoyagkeun langit
susumbar tarik nangtangan jurit
bari mesat wangkingan

Aya mangsana urang luluasan
ngudar sagala sisimpay ati
silih bongohan nasib jeung pati
unggul asor — Pahlawan

Aya mangsana urang sasalaman
balik balitungan dina diri:
Geusan naon cacampuhan tadi
geusan bebeneran? !

Bandera Hideung Sabengah Gihang

TAH nya harita, waktu Papayung Agung
disaur ka alam padang poe panjang,
manehna, seuweu Adam nu teu kakocap ngaranna,
melesat ngiring manjing uwung-uwung
sampiung ninggalkeun kurung

Nyampay di sisi kota bangkarakna nu ngararas
di tutugan pasir pamculcuman hampas
di lelewek nu hapeuk pangsareukseukna

Dimana srangenge nece kana pucuk rambutan
wahon nu miceun kotoran anjog saperti biasa
Ki Pasapon Kotapraja dak dumadak tutunggulan
jajantungna ngadulag teuing ku rosa

Gancangna bugang nu teu puguh sayangna
dihaturkeun ka anu hakna narima
nya eta hiji Jawa tan Nagara
Sab keurna kumelendang Si Jenat duka nu saha

Da tetela tenda jagat poe eta
beurat ku indung mendung, hiji deui
layon dipulangkeun kana palawangan bumi
tanpa upacara resmi

Bari eueuleugeugan neureuyan cimata
make aya keneh manusa
niiran salawat minangka
rampena

Sarta kalawan teu uar-uar
heug bandera hideung salambar
dina jeroeun igana dipasang
satengah tihang



Longser

SODER ngarumbay ngagebay
bujur ngageboy ngalenghoy
senggak panjak
nyelaan haleuang ronggeng
 : kaduhung kuring ka lembang
(sor makalangan batur geura gempur !)

rebab lumengis ngarungsing
kendang ngarajaan ibing
tinggaritek tinggariplek ngurilingan
ajug jangkung
ca makblak beungeut taranggah
beuneur dada dijejelan goyang sirah
ngilungan kasumoreang

si kumpay saparakanca lalimpeu
karokojayan
'na gelenyu diteundeun wuyung
ka kampung
sela asang nyarangsang
kanalangsaaan
sangeunahna lauk-cai dina bubu
buaya lapar pating calawak

nundung kabingung
nyapluk lauk tingarengkak

saat talaga cimata kasilih
ku hinyay kelang
: jauh ka sintung kalapa
(pur batur embohna sing luhur !)

antara gamelan jeung bulan
maur panyajak miwatir.



Suling

LALAKI leungiteun biwir
lalaki anu musapir
beureum teh beureum lobi-lobi
matana anu sasiki
lalaki nu anteng nyuling
ku urut catang irungna

nyugak cucuk-kapaiir pasesaan
ti mawar anti peurahan
laguna nataku layu
wedalan sungapan suling
ngahebos abab ambekan tina huntu
huntu carang

buludru belem teh kopeahna
kelang dikere heabna aspal
butut patutna
baleuy getih sarakahna
ngahunyud runtah lalakon
sapanjang jalan nu ngebul

(ieuh ! Iyu garetek sarap sutra
ku peungkeur bujur awewe
nganjangan taman larangan
atawa gowok paroek
balik dimana poe meletak
manehna nya diusir ti kalangan

ieung ! peurah racun ngabajra
awak sakujur
kiwari ngan ruruntukna :
beungeut nu beureum humapur
da sabada dipiruha
napsu lila ngabebela)

lalaki leungiteun biwir
lalaki anu musapir
saha atuh nu sudi ngupahanana
nu miwatir tur ngalungan kopeahna
ku rechan?
kateteler manehna di sisi jalan

eta lagu teh lagu neneda
pangdeudeuh, lagu
nu geus ngamusuh mim tujuh
lagu layu kamonesan puhu irung
ceuli saha
iseng ngareungeukeunana?

lalaki leungitcun biwir
lalaki anu musapir
sumpung catang irungna
buligir gugusina
tangkorek keur nyanggerengan
nu nyuling lain ku biwir.

Naha Urang Kudu Guligah

NAHA urang kudu guligah, dulur
Naha urang make kudu guligah
Nu ngucur ngaguyur hujan
Ganggarangan ngagigilaan

Deui-deui balai kapanggih, dulur
Deui-deui balai baris kapanggih
Tanggul bejad hiji janari
Neumbag cai nyamber suhunan

Geus ditening jadi lautan, dulur
Geus ditening darat jadi lautan
Heug bintang kidang ngamusuh
Ka saha pamayang nyaluuh

Teu bisa terus humandear, dulur
Teu bisa urang terus humandear
Ingon-ingon kaseder palid
Pakaya teu sempet kajait

Sumbangan tea ilang di jalan, dulur
Sumbangan tea mindeng ilang di jalan
Mubadir temen nu asih sur sor
Beas, simbut, ubar-ubaran

Tahan kabulusan jeung lapar, dulur
Tahan bae kabulusan jeung lapar

Ngan Si Bungsu geuncuk geuning
Jeung lanceukna heunteu kajingjing
Saha atuh nu diteumblekkeun, dulur
Saha atuh nu merenah diteumbleuhkeun
Unggal usum kapan babarengan
Urang digiring ngabenteng walungan.

(minangka kaeling ka Karawang)

Kolecer

NAON itu anu ngelun?
Ulah guyur ulah ibur
Lain imah nu dihuru
Lain karaman ka lembur
Nu ngelun ngelun ka manggung

Itung-itung pangdupaan
Rarajahan papantuan
Rek ngupat nu ngadurukan
Ngabasmu jarami sawah
Kotakan nu dibaladah

Unggal isuk guyang leutak
Manceran can beak-beak
Mideur kia ! Kia mideur
Santek asar karek udar
Pabinihan isukan bakal dibongkar.

Kacatur saratus bujur
Niru undur-undur nyungkur
Samping hideung nengah pingping
Bitisna lantis ku leutak
Bororaah nyabak wedak.
Ari peuting kumareumbing

Paur tuhur kalempohan
Inggis bok cai dipaling

Kocap bae kocap bae
Poe ngarambet mah rengse

Ti dinya teu genah cicing
Ngajaring bari caringcing
Beurit ti sisi ti gigir
Hama ti luhur ti handap
Garong ti para ti kolong

Taya deui kalangenan
Nyerangkeun ti saung ranggon
Ni'mat neutcup lambak emas
Ngalenggak mireng kokoprak
Kolecer ngalagu kidung

Mayakpak alketip gading
Sisina tepung jeung layung
Tarungkul lain keur alum
Ranggeuyan sugih ku eusi
Buahna rancage gawe

Jul-jol nungtutan ngaronom
Nu ti kaler nu ti kulon
Burudul aleutan ngabrul
Nu ti wetan nu ti kidul
Ngintip ngintip sugan panen

Nini-nini lepet kemong
Lanjang babet nu daremplon
Para randa ijjimbrang

Etemna pahade-hade
Tolombong pagede-gede

Breg ambreg crub ancrub
Seak, beak, beres. Rampes
Walatra nimbang ka jasa.
Dipoe dicekek pangkek
Jadi eusi beuteung leuit

Tapi
Ti sisi ti gigir beurit
Ti luhur ti handap hama
Ti para ti kolong garong
Nu maksa ti mana-mana!

Ladang teu ngimbangan kesang
Hasilna ukur sacomot
Loba kasedot kaceot.
Anehna teu kapok-kapok
Gawokna henteu kapalang :

Isuk-isuk guyang leutak
Kecruk deui kecruk deui
Da di dinya jati asih
Tempat mustika duriat
Di dinya galeuh kadeudeuh

Cag!

Dina Maleman Lebaran

TAUN kahiji dina maleman lebaran
anjeun aris nyarita ka kuring :
di antara sasama dikelem tunggara
na' merenah icikibung sukan-sukan
Anggur layu diajar prihatin
sugema ngaraas nu dilakonon
singlar humandeuar singkahan ngarasula
Insya Allah taun hareup mah sugan
henteu kieu kieu teuing

Taun kadua dina maleman lebaran
anjeun leuleuy nyombo hate kuring :
di tengah-tengah umpalanana galura
lebah ngabela hak lelemah karuhun
estu kurang pantes mewah bebeakan
Sing macakal tambah tawekal
sarta teu petot ngungucap sukur
hirup parok keneh jeung batur
Taun hareup pira kieu kieu teuing!

Sakit

SIM abdi rumaos pisan, Paduka
kumawantun nyolong geutah
Namung leres nembe harita
ngalakanan sasab lampah

Ngabuyung bojo sabroleun
saner pisan deuk miyuni gateuw
Sungkan kokoreh nyiar pacokeun
ma'lum hayam nu nyileunglenm

Seeng 'na hawu teu saheng
ranghap barudak ngantos diparab
Sadaya nampik tanaga kesang
karet ku abdi disadap

Geutah eta buktos aya
teu kabujeng diliron ku artos
Sim abdi nampi sadaya-daya
deui neda sih hawatos

Sareng Paduka langkung uninga
sajabi nu dipayunan
meuweuh begal nu terus-terusan
nyadap getih balarea

To k! palu ngetok laken hejo
nyetop nu noroweco baceo

Jaksa meredih hukuman
teu kurang ti 15 bulan

Teu ditambah teu dikurangan
Hakim nigaskeun hukuman
Dengek nu dibebengkung ngoceak
juru paling kapiuhan



Anu Tugur Di Kuburan

AKAR gorda jiga jenggot yaksa
Ngelak koreak nu nyenggakan kukukbeluk
Basa angin ngagalasar kana punduk
Bulan hianat teu bosun nyiksa

Pek kunti rek nyikikik rek ngabangingik!
Baeu arwah nu kapeungpeuk jalan
Sindang heula urang ngariung pirunau
Hiap ririwa jeung jurig nu ngariringkik
Meungpeung kula masih keneh nu ngawasa

Kobong beureum eusina anu tamamu
Cuang cieung hayang diwawuhan
Hanjuang sailon jeung kembang biru
Rek ngelehkeun tetengger nu baranahan

Hey! nu liwat nu rurusuhan!
Peuting kagamahan ku langkah andika
Noyod pek noyod saparan-paran
Tumanya ge kula taya guna :
Tinggal sabara pal kana khalwat pangberokan?

Dero Guha

KIEU geuning lamun jauh teuing ngasruk
cahaya ge teu sanggup ka dieu ngateuran caang
cikaracak ukur kapiireng keclakna nu remuk
dibuang ku peuting jeung ku poe padang



Katiga

KATIGA nu gangas motah
awor jeung nu pangtarahalna 'na ieu usum
naon atuh nu teu parecat parecah
kulit busik semu wungu

wungkul kekebul ngeprul ti mega samar
ngalapis dasar 1cuwi genggerong
kapengkuhan ngan ngumpul palebah akar
dina batin nu dialungboyong

napsu panghawukna
ngaleehkeun geutah
nyoba norah asal-usulna guligah

ari soalna
di mana ngaguyur hujan
tah di dinya marangapna guha kani'matan.

Prabu Mandura Tapa *)

DINA iuh-iuh areuy suku curug
luhung menekung mumbulkeun maksud
keprul banyu nyipuh nu keur husu
guruh sumawur ngasor swara kurusetra
(ngagem ageman ngabahla dunya
dipencilkeun ku kresna wisnubatar)

di lengkob singkur ngabatu gentur
binih paeh teu weleh disugan-sugan
aweuhan ge leyur di nu ngaguguntur
teu karacun ku hangruna patarung

geura kantunkeun patapan, he terah yadu!
bisi kaget ku balukar tutumpuran
murang-maring leuir teu kabagi lawan
bongan katipu ku dewa
pahla nanggala henteu kaala.

*) nurutkeun padalangan

Indra jaya

DANGAH gagah uncal ranggah
Dangong barong dilak badak
Tagog jago jadug pamuk
Dangdeung aing menak ludeung
Saringkang nyekel pakarang
Salinjing ngagilir wangking
Kumaki bebenteng nagri
Susumbar tulak nagara

Nyulagrang duhung panundung
Sinjang abang meulit angkeng
Sutra wulung baju agung
Pasmen koneng ngaboreleng
Kumis nyiripit dielis
Paranti ngagadil damis Si Eulis

Gandang pamulang nu lenjang
Tunangan Panghulu Tandang
Ginding pameuli nu galing
Mas kabeureuh anu ngageugeuh
Di Hulu Dayeuh

Kuma cenah sajatina?
Kuma cenah emas atawa tambaga?

Heuheuy! Teu sangka jajaka miyuni lamba
Bujang ku gampang muriang

Ninggang di muncang nya muncang koang
Mongkonong mah dina tonggong
Manukna mangkuk 'na punduk

Payuneun Purbararang anu gakang
Bueuk beunang mabuk henteu kitu
Kapuk kaibunan lain kitu

Payuneun tunangan anu bedang
Teu lemek beak ku carek
Nguntit birit jadi kirik

Heuheuy! Teu sangka satria tuna santika
Ngan dina ucap perceka
Geuning teu kalis diaping-aping
Teu burung diriung-riung
Palias lumenggang nenggang

Kocap ceuk Ki Juru Rumpaka
Purbararang Si Lega Tarang
Ngersakeun marak ka Baranang Siang
Indrajaya ngagondeng ti gedeng
"Kakang Mangga urang ngarungkup
Geura enggal geura ancrub!"

Memeh crub ngawahan heula
Nedel lemah nyeta rek ngapakan mega
Atuh naon make kudu seber keueung ?
Orokaya
"Aduh ieung!" Indrajaya ngabangkieung
Indung-suku dikacip Kapitingkuning
Deudeuh teuing

Tina Album Heubeul

BASA manehna ngagantung dina jajantung
teu katangen yen kuring muja jiwana
Ana pek kuring disanding manehna
katineung teh dalapan deupa gees maugprung



Peuting Di Rumah Sakit

NGAMBANG dina ranjang kamelang
antara muriang reujeung bayeungyang
beuki nyaho naon hartina imah
jeung mustikaning buah kanyaah

Reureuh sisi talaga teduh
antara sadrah reujeung sieun kaleub
beuki kapikir naon ari umur
atawa anggangna Jiang kubur

(Basa langit rek ngalingkup
aya lauk limpeu ngangkang
aya kalakay ngoleang

Basa, jandela ditutup
aya pikir sumoreang
aya kaketir kalewang)

Baeu peuting, alam nu ngagayuh keueung,
geura asuh parahu nu masih ngangkleung
Geus kitu kuring beuki ngaheruk
boa boa Samar cunduk ka isuk

Juru rawat anu heman nyimbutan
bari mesem, pokna: "Wilujeung kulem !"
Kuring peurcum tuluy ngagereyem
nalar Ya-Sin sababara balikan

Eh jiwa nu teu daek tengtrem
heueuh pek nyileuk malaur sareng riwan!
Hawar hawar rampak sekar di gareja

**dunya ngan sakolebatan
aherat tanpa wangenan**

Hawar hawar soling kacapi jeung tembang :
**bangkong dikongkorong kujang
ka cai kundang cameti**

Mun kudu surup ayeuna, sumangga
atuh si mangga. Da mungpang mungpang kumaha
Naon pingaraneunana mun wasa ngahalangan
pangersa Anjeun, Jungjunan?

Ngan, dimana lalakon dipareng panjang
sakeclak ibun tina pucuk pangajian
nu dioyagkeun ku angin kahuripan
seja ditadah ku letah garing hanaang.

Alakpaul

SAHA nu tega nguculkeun kangen
Saha nu daek disisilihan asih
Pegat umur dikubur, tapi
kapegat duriat sangsara
Ngalanglayung tanpa geutah
Kembang endah tina kertas

Sakali kayakinan dirabi
moal mindoan ngaboyong
serepet cepet nyoloyong
Sakali mentang gondewa
palias mindo jamparing
ngabelesur beurang peuting

Ieu tenjragna lalanang
Gedigna lalaki jurit
Nu diburu-buru usum
Diudag-udag ku mangsa
Ngabukbak leuweung larangan
Ngajugjugan Alakpaul

Piraku teu kuat parat ka dinya
nu gupayna samar aya ku samar
tur gentrana haion hawar-hawar
Tuluy jadi bungkeuleukan
dina gurat anu ngembat
Ngabedega nu lunta nyapatkeun keupat

Lugina teh tutas leupas
tina ulekan bahaya
Sugema teh di mana hanca
lunas ku tanaga nu pamungkas
Sanajan disulam ceda dipuuk tatu
bahaya ditangtang hanca dipaju

Dina poe anu mancerau
Kapanggih lebah-lebahna
Dina tanaga anu umpalan
mindenga jirimna ngangsonan
Arumna keras kaambung
Pulasna hegar ngagembang

Nu misahkeunana : anggang –
keur diraaas dikojayan
Nu nguluranana : waktu –
ganti manteng dipulutan
Kalangkang manjangan ngetan
Jog ! Mangka anjog di peuntas ditu

Demi asih anu ngacambah
Demi keclak anu tan kendatna
Cikahuripan dina talangna rasa
muga teu saat. Sab sabisa-bisa
sora, tanaga, jiwa jeung umur
ngababakan, ngendoran ka pugur

Ngan, upama pareng ngudupung
teu cacap ka tungtung tangtung
baris aya nu liwat deui ka dinya
nyusud sora jamparingna
Mangke kapanggih tina tumpukan tulang
jajantung nu aya sunggingan kembang



Penerbitan dan Percetakan
PT Balai Pustaka (Persero)
Jalan Bunga No. 8-8A
Matraman, Jakarta Timur 13140
Tel/Faks. (62-21) 858 33 69
Web site: <http://www.balaipustaka.co.id>